ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЕЙ ЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№68 (21.476) ● 2009 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 10, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомі 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Спортыр ефІэкІуэн папщІэ

●ЗэІущІэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым спортым зыщегъэужьыным и зэманым мыхьэнэшхуэ щигъуэт хъуащ. Арат нэхъыщхьэу зытеухуар КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенз республикэм и спорт федерацэхэм я унафэщІхэмрэ я зэІушІэу мэлыжьыхьым и 8-м екІуэкІар. Абы щытепсэльыхьащ 2008 гъэм зэфІагъэкІа дэжьыгъэхэм къарикІуаэхэмрэ кьапэщыхь кьалэнышІэхэмрэ, зыІууэ гупъуехьхэри кьагъэльэгъуащ.

- ИУЖЬРЕЙЗэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэм спортым зыужьынигъэшхуэ щигъэтауэ жыпІэ хъунущ. Абы и щыхьэтщ кьэралым, дунейм псом щыпсІэрыІуэ спортсмен куэд ди лъэхэм кьыззэрихъуар, - кьыззэІуихащ зэІущІэр Къанокъуэ Арсен. - Іэмал кьысхукъуэкІар кьэзгъэсэбэну сехьэхьуну сыхуейщ Хъущт Асльэнбэч иджыблагъэ етІуанэу Европэм и чемпион зэрыхъуам кьыхэкІыу. КьищынэмыщІауэ, спортым зэрызиужьар и фІыгъэщ КъБР-м щылажьэ спорт федерацэхэмрэ республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэмрэ жыджэру зэрызэдалажьэр. Си гуапэт мыпхуэдэ зэІущІэхэр ильэсым тІэунейрэ едгъэкІуэкІыфамэ. Абы и фІыгъэкІэ ди лэжьыгъэр нэхъ купщафІэ хъунут: мэлыжьыхьым ильэс блэкІам кьрикІуаэхэр къэтпщытэжьинт, щыщхьэІум дызыхуэзкІуэ ильэсым ди пщэ дэтлъхьэжьыну кьалэн нэхьыщхьэхэр дубзыхунт. Мы гъэм ди республикэм спорт зэхьэзэхэущхуэ зыбжанэ щекІуэкІынущ. Щэч хэмылъу ахэр сэбэп хуэхъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спорт зыужьынигъэм.

Адэкіэ кьыззэхуэсахэм зэхуигъэзащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министр **АфІэунэ Аслъан**: - Псом япэрауэ фІыщІэ яхуэхъщыну сыхуейщ республикэм и унафэщІхэм. Абыхэм я фІыгъэкІэ иужьрей ильэсхэм спортым хуаІэ щытыкІэрефІэкІуащ, абы нэхъри зиужьыным мылькушхуэ трагъэжьуадэ хъуащ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм кьрикІуэхэри наІуэщ. Псальэм папщІэ, КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсензи** унафэщІ Спорт бэнэкІэмкІэ федерацэм 2008 гъэм лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІа. Ахэр екъэлІауэ щытащ олимп чемпион Хъущт Асльэнбэч гъэпсэлІэным теухуауэ кьыззэрагъэпэща гуфІэгъуэ зэІущІэхэм, дзюдомкІэ зи ныбжьыр ильэс 23-м нэмыс цыхухъьхэмрэ цыхуб3хэмрэ я уракеЙпсо чемпионат Налшык щегъэкІуэкІыным, бэнэкІуэхэм папщІэ алэрыбгъу зыбжанэ къэщхуным.

АфІэунэм и псальэмакъым кьыззэрыщащмкІэ, федерацэхэм я унафэщІхэм я щІигъуваькъым тхэжвандо, теннисышхуэ, гимнастикэ спорт лІэужьыгъуэкІэр. Апхуэдэу министрым псальэ быдэ итащ КъБР-м и Президентым кьахуигъэува кьалэныр, Лондон щекІуэкІыну Олимп Джэгуэхэм ди лъэпкъэгъу спортсменитху гъэкІуэным теухуауэ, эрахъуэгъэкІам. Адэкіэ зэІущІэм кьрихьэлІа федерацэхэм я унафэщІэхэм кьыззэхуэсахэр щыгъуазэ щащ 2008 гъэм зэфІагъэкІамрэ дыдэрыт ильэсым зыхуагъэувыжа кьалэнхэмрэ.

КъБР-м Бгы-лыжэ спортымкІэ и федерацэм и президент **Тхьэзэлъыкъ Мурат** и псальэмакъым кьыхэщащ УФ-м Бгы-лыжэ спортымкІэ и федерацэм и кьудамэ ди республикэм кьыззэрыщызэІуахар.

- Федерацэр кьыззэрызэдгъэпэщІэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зызыбгъасэ нэхьыжьІэхэр тфІэкІуэдзыну, - жиІащ Кьуэкокьуэм.

Апхуэдэу зэІущІэм кьыщыпсэльащ **Шоджэр Олег** (баскетбол), **АфэщІагъуэ Михаил** (волейбол), **Кьудей Арсен** (автоспорт), **Молэ Арсен** (столыщхьэ теннис), **Бэдзэ Мухьэмэд** (футбол), **Емкьуж Мухьэмэд** (дзюдо), **Тембот Анзор** (спорт бэнэкІэ) сымэ.

Кьанокьуэ Арсен федерацэм и унафэщІхэм зэфІаха лэжьыгъэхэм папщІэ фІыщІэ яхуищащ. Абы кьыхилъхьащ 2010 гъэм и бюджетыр кьащтэн и пІэ кьикъуэу щыщхьэІум иджыри зэ мыпхуэдэ зэІущІэ иратгъэкІуэкІыну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сурэтыр Елькъан Артур *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щыІущІащ республикэм и кьалэхэм, районхэм я Іэтащхьэхэм. Абы и лэжьыгъэм хэтащ правительствэм щыщхэр, министрхэр, ведомствахэм я унафэщІхэр.

ЗЭІУЩІЭМ щыхэпльащ мэкъумэш ІэнатІэм бгъэдэлъ щІыр фейдэ нэхъыбэ къыпыкІыу, абы щыгъуэми зыхуей нэхъ хуэзэу зехьа зэрыхъуну Іэмалхэм. Іуэхум и хэкІыпІэфІэхэр зэрыщыІэр, абы текІуэдэну мылъкум ар зэтребгъэІыгъэ зэрымыхъунур кьыхагъэщащ.

Зэхуэсахэр хэпльащ республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ Іуэху зыбжанэми. Кьапщтэмэ, «Кьббалъкъгаз» акционер обществэм и Іуэхущ Іапх эхэр кьуажэхэм зэрыщыізэхуищІыжьым, абы гугъуехь куэд щІыхухэм кьаэзрыхуихьым ирипІейтейуэ тепсэльыхьахэщ.

ЗэІущІэм кьущащта унафэхэр зэпкърыхауэ кьэзыгъэльэгъуэ тхыгъэ ди газетым кьытехуэнущ.

ГЪУЩІО Зарифэ.

ЛъэІухэр куэд мэхъу

●Псапэ

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен езым и фондым кьыхихьыу мазэ кьэс республикэм и щІыхухэм яІофэныкъу. Фондым и ахьщэр трагъэкІуадэ псоукІжІэ хуэмышІахэм защІэгъэкъуным, апхуэдэу еджэным, спортым, гъуэгуанэм ныщІахэр гъэгушхуэным.

Я САБИЙХЭМ кьрагъэІэзэн папщІэ ядэІэпыкъуну республикэм и Іэтащхьэм зыкъыхуэзыгъэза унагъуэтІым ахьщэ хухахащ.

Бахьсэн кьалэм щыщ Щауэ Мухьэмэд Президентым и сайтым кьигъэхьа тхыгъэр теухуауэ щытащ абы и адэр Чернобыль кьыщыхъуа гуэвзэгъуэм и лъэужьхэр гъэкІуэдыжьыным зэрыхэтар, и щхьэгъусэр 1990 гъэм гъэзагъм кьыщыхъуа фэбжьым зэрикІуэдыкІам кьыхэкІыу, иджы и бынищыр зыхуей хунгъэзэн папщІэ жэщи-махуи жьхуаІэм хуэдэу зэрылажьэр. А унагъуэмы мылькуІэ зыщІагъэкъуащ.

Котляревскэ станицэм и кьэзакъ хэрым иджыблагъэ пшынэ дэгъэзэрэ синтезаторрэ кьыхуащэхуащ. Абы теухуа лъэІуэкІэ самодеятельнэ артистхэм Президентым зыкъыхуагъэзауэ щытащ, ар лэжьыгъэ Іуэхуэ Іэ Май районым щыщыІам. Кьанокьуэ Арсен апхуэдэу игъэзэщІащ Шэджэм Ищхьэрэ кьуажэм дэт курыт школ №4-м и еджакІуэхэм компьютерхэр кьахуищэхуну кьызэригъэгугъари. Апхуэдэ тыгъэхэр нэгъэщІ щыхуэ 10-ми хухахащ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм накъыгъэм и 4-м щыдгъэкІа Унафэ №99-ПП-м зэхъуэжьынигъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм гъатхэм и 26-м №66-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еш1:**

«Налшык щекІуэкІ спорт комплекс» кьэралІуэхэм я Іуэхущ Іапх эр кьызэрыгъэпщынчэу теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм накъыгъэм и 4-м кьыдигъэкІа Унафэ №99-ПП-м зэхъуэжьынигъэ хэлъхьэн икІи абы и пункт 2-р мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу кьохьын:

«2. Іуэхущ Іапх эм нэхъыбэ дыдэу щылажьэхэм я бжыгъэр 86-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІыу абыхэм хухах мазэ лэжьапщІэ фондыр сом мин 489,3-рэ хъуэу гъэувын.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1м и кьалэнхэр зыгъэзащІэ

ТХЬЭЗЭЛЪЫКЪУМурат

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр щІыхуэзэм яІуощІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и хэкІыгъэущІэм хьэкъ депутатхэм щІадзэжьауэ щІыхуэзэм щІыгъуэ «Зыуэ щыт Урысеи» партым и Іэтащхьэ Путин Владимир и жылагъуэ екІуэлІапІэм.

ИДЖЫБЛАГЪЭ а Іуэхущ Іапх эм щІыхуэзэр щигъэблагъащ партым и политикэ советым хэт, «Шэрдж -1» ООО-м и генеральнэ директор Мокаев Руслан.

Республикэм и щІыхэр депутатым щепсалъэм кьаІэта Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщІ лэжьапІэншагъэр, я псэукІэкІэ зэрыхуэмыщІар, фэтэр Іуэхуэр. Абыхэм я нэхъыбапІэр зэуэ пхудэмыгъэкІыну гугъущ. Ауэ Мокаев Руслан зэпсэльахэм ящыщу тІум я пІэуІэр а махуэ дыдэм дэкІащ: зыи и сабийр институтым зэрыщІэныдзэм папщІэ Зы семестрым пэкІуэу итын куэд ахъшэмкІэ дэІэпыкъуащ, адрейми эуэными и дэІэпыкъуныгъэ пщІэншэу кьыхуэзэригъэпэщащ.

Мокаев Руслан зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ зэІущІэхэр абы сэбэпышхуэ кьыхуэхуну депутат лэжьыгъэм щынэхъыщхьэхэр иубзыхун икІи абыхэм егупын папщІэ.

ШУРДЫМ Мадинэ.

Зэхьэзэхуэ зэхаублэ

КЪЭЩХЪЭТАУ и администрацэр яужь ихьащ жылагъуэр щыпсэу щІыналъэр гъэкъэбзэным. Абы кьызэрегъэпэщ хьэблэхэм я зэхьэзэхуэ. Къищынэмыщ Іауэ, а жылагъуэм теухуа уэрэд нэхъыфІыр кьыщыхахыну зэпеуи щыІэнущ.

Ягъэ зэхьэзэхуэм хэтыну хуитщ Къэщхьэтау и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ. Уиагъуэхэмри абы щагъэльагъуэ хъунущ уэрэмым щыщу я куэбжэм кьеГэущІыІа щІы Іыхьэр. ЗэфІахын хуей лэжьыгъэм хухахащ мазитІ. Кьагъэлъагъуэхэм щыщу нэхъыфІ Іхэр кьыхахьынущ мы гъэм накъыгъэм и 31-м. ТекІуэхэм ахъшэ саугъэтэхэр иратынущ.

Къэщхьэтау теухуа уэрэд нэхъыфІыр зыхуэдэр кьыщІащІэнур мэлыжьыхьым и 29-рэ. Абыи саугъэт хухахащ.

МЕЧИЕВ Асхъэт.

«Телемеханикэ» заводыр зэтегъэувэжьыным сом мелуани 120-рэ хухах

Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятэ нэхъ щІэныІуэ дыдэхэм ящыщ зым - телемеханикэ аппаратурэ кьыщІэзыгъэкІ заводым иджыри технологие нэхъ пэрыт дыдэхэр кьышагъэсэбэну щІадзэнущ. Абы щагъэув радиоэлектрон Іэмэпсымэхэр зэпкърыхьыльхьэну автоматхэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРРеспубликэм промышленностымкІэ, гъэсныныхъэнергетикэмрэ комплексымрэ псоуп1э-комунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Минин Вячеслав зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ Іэмалыфхэр предприятэм кьыхуэзЫуихащ «Телемеханикэ» ОАО-р реконструкцІэ щІынымрэ техникэщІэкІэ кьызэгъэпэщынымкІэ проектыр «2007 - 2010 гъэхэм, апхуэдэу 2015 гъэм нэсыу зыхъумэжьынигъэмкІэ промышленнэ комплексым зегъэужьынымрэ» федеральнэ программэ хэхам зэрыхагъэхьам. ИльэситІкІум кьриубыдэу мы проектыр гъэзэщІэным сом мелуани 120-рэ хухахьанэ хъуэу Іэ закъуэ предприятэм электрон платэхэр ІэкІэ, апхуэдэу полуавтомат Іэмэпсымэхэр кьагъэсэбэнурэ щызэпкърыхьэу участкэу тІу кьышыгъэІуахащ икІи абыхэм я къэкъкІэ дзжьапІэ Іэнатіэу 50 кьызэрагъэтэщащ. Иджы абыхэм кьахуовэ дунейпсо мардэхэм кьезэгъэ автоматхэр кьагъэсэбэнурэ радиоэлектрон пкъыгъэхэр кьышыщІагъэкІуэнущ.

ОАО-м и генеральнэ директор Кьер Ас-льэн кьызэрыджиІамкІэ, а участкэм щащІынущ зыхъумэжьынигъэм ехьэлІауи щІыхуэб хозяйствэм пыщІауи кьагъэсэбэн хъуну продукцІ. Зэман благъэм кьриубыдэу ящІынущ щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэрыкІэлъыплъ камерхэр, апхуэдэу «Кьалэ щынагъэнщ» программэм тету урысей щІынальхэхэм кьащагъэсэбэнуну видеокамерхэр. Нэхъ кІуатэмэ, предприятэм Іэмал итъуэтынущ «ГЛОНАСС» системэм кьыщагъэсэбэнуну пкъыгъуэхэр кьыщІигъэхІыну.

ЭнатІэщІэр кьыщызэІуахым кьрихьэлІащ «Телемеханикэ» ОАО-м и Директорхэм я советым и тхьэмадэ, Урысейм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм Радиоэлектрон промышленностымкІэ и департаментым инвестицэхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ Смирнов Александр. Абы акционерхэм я зэІущІэ иригъэкІуэкІащ икІи унафэ кьащтащ предприятэм и акцэхэр нэхьыбэ я щІыну. ЩІэуэ традзэну акцэхэр федеральнэ мылькум хьыхьэнущ икІи абы и хьэкъкІэ мы гъэм «Телемеханикэ» ОАО-м аргуэру сом мелуан 25-рэ кьыІэрыхьэнущ. А ахъшэр трагъэкІуэдэнущ инструментальнэ цехыр егъэфІэкІуэным.

ХЬЭПЭ Маринэ.

Я къэкІуэнум щэч къытрахьэркъым

АБХЪАЗ. ***Республикэм и президент Бэгъэщи Сергей иджыблагъэ жиІащ дунейпсо зэгухьэныгъэм Абхъазыр и щхьэ хуэщытыж къэралыгъуэ щхьэхуэу къыщІэкІынур.***

- АБХЪАЗЫР къэралыгъуэ щхьэхуэ зэрыхъуар Дунейпсо зэгухьэныгъэм дапщэщи кьиІыртэнущ - абы зэман хуэдэ аращ. Политикэ, экономикэ ирехъуи, блэкІам гъэзэж иІэкъым, еврокомиссарэхэм Кьрахьм дипломат зэхущытыкІэхэр хуэдиІэну нэхъапэм кьытхуагъэльагъуэу щытам, иджы абыхэм кьагурыоІуэ Іуэхум зыри кьызэримыкІынур. Абхъазыр и щхьэ хущытыж къэралыгъуэ щхьэхуэу дызэрит нэхъыбэм кьрипбыдэу Белоруссием кьытыгъэну догуГэ, - жиІащ Бэгъэпэщ Сергей.

Адыгэ кьафэм утыку егъуэт

АДЫГЕЙ. ***«Ди хэкум и жьэгур зэи уэжьыкІыным» фІэщыгъэщІэр зезыхьэ концерт иджыблагъэ Москва дэт «Космос» хьэщІэщым щатащ Адыгейм и «Гъатхэ», «Исрэмей» къэралыгъэ къэфакІуэ гуп щІэрыІуэхэм.***

КОНЦЕРТЫР екІуэкІащ Адыгеймрэ Москвэрэ я Правительствэхэм зэращыІыла сатуэкономикэ, щІэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэгурыІуэныгъэхэм япкъ иткІэ, республикэм и Президентым, Адыгейм и лыкІуэу Урысей Федерацэм и Президентым дежь зэпымыоу щыІам, Москва и Алексеевскэ районым и унафэщІым я нэІэм щІэту. «Налмэсымрэ» «Исрэмеймрэ» москвадэсхэм хуагъэхьэзыра программэщІэр утыку кьрахьэн и пІэ, концертым кьрикьэлІахэм псалъэ гуапэкІэ зэращигъэзащІ Адыгейм и Правительствэм и унафэщІ Кьумпіы Мурат.

Фигу кьэдгъэкІыжьынэ, Москва кІуэн и пэкІэ «Налмэсым» концерт щитащ Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм. Арэ щыІащІ Налшык, Черкесск, Грознэ, Владикавказ кьалэхэм, нэгъэщІхэми.

Гъатхэ лъэжьыгъэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм гъатхэсэхэм хухахащ гектар мин 56,6-рэ.***

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСым мэкъумэшымкІэ и министрым и кьуэдзэ Хьэжмэстафэ ЗэрыжиІамкІэ, пасэу трасэнухэм гектар мин 17-м щІигъу фошыгъу жагуидзэм, гектар мини 7-м нэблагъэ хухахынущ. ИджыпстукІэ гектар мин 6-м жылэхэр хагъэзэгъащ.

ХЬЭЩЫКІЪУЕЙ Олег.

Зэрыуам кьыхэкІыу.

«Газпром» холдингым зэрыжиІэмкІэ, ар зэрэн хъунукъым, ищэ газыр зыщІэхуэхэм яІэрыгъэхьэныжьмкІэ. Тыркъуэмым и газыр Урысейм и дежь кьыщызыщІхуэзм ящыщІ Украинэри.

Газ бжьамийр кьыщІыуащ Узбекистаныр Тыркъуэмым и къэрал гъунапкІэхэм пэмыжьыжьэу. Кьыуэн Индиеи, Австралиеи, Корее Республикэм я унафэщІхэм я зи чэзу зэІущІ.

●1945 гъэм **Иуан Хьэсэн** Совет Союзым и Лыхъужь хъуащ. Одер псым ятэу зэпрысыкІар абы и унафэ щІэт ротэращ. АдрыщІым зыщагъбыдэри, Армэ Плъыжьым и Дзэр псым кьыззэпрысыкІыху, бинэр псы Іуфэм кьрагъэжьэлІаныкъм. А зэхэуэм Иуаныр уэгъэ хьэлъэ щыхьуат.

●1964 гъэм яГэуващ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхуэб усакІуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиІэ и хуэкІуэ» щІэ лъапІэхэр.

● Дыгъэм кьыщІэкІащ сыхьэт 6-рэ дакьикьэ 33-м, кьуэхьэжьынущ сыхьэт 19-рэ дакьикьэ 42-м.

●Махуэм и кьыщІэкІащ сыхьэт 19-рэ дакьикьи 9-рэ.

Дунейм и щытыкІэнур:

●Пшэр техьэ-текІуу щытынущ, уэшх кьешыкІ пщыхьэщхьэм уэсымухуэжьуэжьнущ. Налшык пщэдджыхьым - 1-5; шэджагъуэм -3-6; пщыхьэщхьэм 0-4; жэщым -2-0 градус хъунущ.

Плянэпэр зыгъэхьэзырар
ГЪУЩІО Зарифэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи нэми укъыщигъапщІэ къохуу.

Налшык и сыхьэтхэр

- СЫХЬЭТ дапщэ хъуаду пІэрэ? - уэрамым уздрикІуэм апхуэдэ упщІэкІэ зыкъыпхуэзыгъаззэхэр мащІэкъым. Ауэ дапщэ абы и жэуапыр кьыщыгбгъуэтынущ ФИДЕ-м шахматымкІэ иригъэкІуэкІ Гранпри зэхьэзэхуэр информацэкІэ щІэтэбгъэдэныжьмкІэ спонсор нэхъыщхьэ «Россия Юг - Медиа» компаниемкІэ Налшык и уэрамхэм кьыщыфІилъхьэ рекламэм. Абыхэм хагъэувэ сыхьэтхэм зэманри, махуэри, хьэуам и хуабагъри кьагъэлъагъэщ.

Апхуэдэ сыхьэтхэм ящыщ зыр гъущ гъуэгу вокзалым деж фІэлъапІэм, мафІэгуэкІэ екъэхэми кьаІэм кьаКІуэхэми сэбэп кьахуэхъунущ. Агентствэм и унафэщІ, мы Іуэхур кьэзыгупсыса Шумахуэ Арсен зэрыжиІамкІэ, рекламмэм хэту апхуэдэ сыхьэтхэр нэгъэщІ щыпІэхэми щыфІадзэнущ.

ПщІэ зыхуэпщІ пенсионерхэ!

И ЗЭМАНЫМ пенсэхэр зэрыхуамысым теухуауэ ди пощтІ Іуэхущ Іапх эм кьэтхьэусыхэхэр куэд зэрыхъуам кьыхэкІыну Пощт зэпыщІэныгъэмкІэ федеральнэ кьудамэм и Управленэу КъБР-м щыІэм хъыбар фегъащІэ щІэуэ кьызэрагъэпэща «Пощтыр зэбгрыкьынмкІэ центр» ООО коммерческэ Іуэхущ Іапх эм юридическэ пыщІэныгъэ лъэпкъ зэрыхудимыІэмкІэ.

Пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ федеральнэ кьудамэм и Управленэу КъБР-м щыІэр ягъэ Іуэхущ Іапх эщ икІи абы пенсэхэр щІыхуэм яхуэхьыныжьмкІэ иригъэкІуэкІыну щыта гъэжьигъэр япэрей хабзэхэм тету егъэзащІэ.

Республикэм щыпсэухэм, Іуэхущ Іапх эхэм, предприятэхэм гу зылъатапхъэ

Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыІэм хъыбар фегъащІэ 2009 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ трегъэдзэным зэрыщІадзамкІэ. Фэ нэхъ фицу ирихь газетхэмрэ журналхэмрэ кьевгъэхьын папщІэ, республикэм и пощт Іуэхущ Іапх эм псомиабыхэм Іэ щытебдзэ хъунущ.

Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ Управленэу КъБР-м щыІэ.

«Адыгэ псальэр» кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэдзыкІакІуэ лъапІэхэ!

2009 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рац.

Ди индексыр 51531

Іуэрыіуатэ - дыщэ пхъуантэ

Псалъэ пэж

ЗЫ щІалэ лыщІакІуэ ежьащ, зы жылэ дыхьэри щІэупщІащ:

- Хэт сигъэлІыщІэн? - жери.

ЗыпІ кьелъыри, щІалэр игу ирихьа хъунти, кІыжриІащ:

- Сэ уэ узгъэлІыщІэнщ.

- Сыт си лІыщІапщІэ? - щІэупщІащ щІалэр.

- Зы ипльэкІэ усхуэІыщІэмэ, псалъэ пэжищ бжеСІэнщ, - кІуриухыпІащ лІым. - Аращ уи лІыщІапщІэр.

«Мыр згъэунэхунщ», - жери арэзы хъуащ щІалэр.

Нэскі ягъэлІыщІэри, пІалъэр кІыщысым, лІым кІыжриІащ:

- Уи мыІуэку зумыхуэ - ар зы псалъэ. Ерыскъы хьэзыр ублэмыкІ - ар етІуанэ псалъэ. Псы икІыпІэр умыщІэмэ, псым ухэмыхьэ - ар ещанэ псалъэ. А псалъэшхым утетмэ, ущІегъуэжьынкъым. Ар уи лІыщІапщІэщи, зэгъэзэгъ. Зы ши уэстынщи, уи унэ унихьэсыжынщ.

ИтьэскІэ лІыщІэри, кІъежьажащ щІалэр, шхым кІэупсэри. КІыздэкІуэжьым, жэщ кІытехъуэри, щІалэр зы жылэ дыхьащ: «Нэху сыкъыщІекІынщ», - жери.

- Ныжьбэ хэт сигъэхьэщІэн? - жери щІэупщІати:

- Ди пщым унгъэхьэщІэнщ, - кІыжраІащ, - НэгъэущІым и хьэщІэнэ уихьауэ пщым укъыщІэмэ, кІыпхуэгубкІынущ. Ущіемыгъуэж закъуэ: унгъжьэщІэнурэ, пщым унукІыжынущ.

«Зэрыхъу тІъагъунщ», - жери щІалэр пщым деж еблэгъащ.

ХьэщІэщым Іэнэ кІърахьэри, щІалэм и пащхьэ кІърагъэуващ, пщыри кІыбгъэдэтІысхъащ.

Пщымрэ щІалэмрэ Іэнэм здыпэрысым, пщым и шыбзыхъуэр хьэщІэщым кІихащ:

- Ди шыбз гуартэр шыдыгъум яхущ, - жери.

Пщым и щхьэр кІыІэтакІым. Пщым зыри щІыжимыІэм, шыбзыхъуэр хьэщІэщым иКІыжащ. ЩІалэми и жьэ зэщІихакъым.

Шыбзыхъуэр хьэщІэщым иКІыжри заул дэкІауэ, пщым и мэлыхъуэр хьэщІэщым кІыхьащ:

- Ди мэл хъушэр хьэм яшхащ, - жери.

Мэлыхъуэми зы псалъэ жриІакъым пщым, и щхьэр кІынІэтыхакъым. Пщым и хьэщІэ щІалэрэ Іэнэм зэрыпэрысщ: зы псалъи къахидзэркъым.

Мэлыхъуэр хьэщІэщым иКІыжа нэужь, пщым и зы унэІут къыщІэлъэдащ:

- Ди унагъуэбжэр хуэтщІыжащ! - жери. Пщым «сыт къэхуар?» жиІэн и гугъащ щІалэм, арщхьэкІэ пщым бадзэ къытетІысхьауэ къыщыхьуакъым.

Пщым зыри щыжимыІэм, унэІутыр хьэщІэщым иКІыжащ.

Жэщыр хэкІуэгъэу щІалэм бгъэдэхри, пщыр щІэкІыжащ.

Нартхэ я лІэужь

НАРТХЭ я хъыбар щыІэхихым, зыпІ ежьащ:

- Мыпхуэдизрэ зи хъыбар зэхэтхым сахьихьэнщи, ззэгъэлъагъунщ, - жери.

Нартхэ я мэшыпкъэм нэсауэ, лІыр фызитІ ирихьэлІащ.

- Мы шу щыкІыр дэнэ къиКІа? - ягъэщІэгъуащ фызитІым, зыр Іэбэри лІыр уанэгум кьрихащ, адрейм лІым и шыр иубыдри, лІыри шыри я унэ яхьащ.

- Фриджэгу, - жари пщІантІэм дэт щІалэ щІыкІухэм лІымрэ шымрэ ираташ.

ЩІалэ щІыкІуэр лІымрэ шымрэ зыбжанэрэ ириджэгуауэ, унэм зы лІыжь набгъэ исти, щІалэ щІыкІуэм я дыхьэщх макъ зэхихащ.

- Сыт ар? - жери щІэупщІащ лІыжьыр.

- Гъэзгум зы шу щІыкІу щрихьэлІати, уи нысэхэм кьахьащ, - жраІащ тхьэмадэм. - ЩІалэ щІыкІуэр ироджэгу.

- Ар хъурэ? - шхыдащ лІыжьыр. - ХьэщІэр джэгупІэ ящІ хабзэ? Хэт щыщІми, хьэщІэщ. Унэм кьифщэ.

ЛІыр нарт тхьэмадэм деж ирашащ.

- Сынабгъэщи, усПъагъуэкъым, уцІыкІур пэж? - еупщІащ нарт тхьэмадэр лІым.

- Фэркіэ сыцІыкІуащ, сыкъыщдикІакІэ сыаслъэнщ, - жиІащ лІым.

- Мыр вгъэхъощІи, футІыпщыж, - унафэ ищІащ тхьэмадэм.

ЛІыр згъэхъощІри яутІыпщыжащ. Я дежь щынэсыжым, кьеупщІащ:

- ПІъэгъуа нарт? - жари.

- Сльэгъуащ, - жиІащ лІым. - Нартым деплъитмэ, дэ бадзэ дыхъэдизщ.

Сэри сыкІэунэщи, ззэгъэлъагъунщ, - жери нэгъуащІ зыи шэсащ.

Нартхэ я мэшыпкъэм нэсауэ, шур фызитІ ирилъэлІащ.

- Мыр зэрыщу ціыкІу! - жари ягъэщІэгъуащ фызитІым.

Зыр Іэбащ, шур уанэгум кьрихыну. Шур щІопщкІэ къыхуилъри, фызыр къыІуигъэкІуэтащ, къащІэгубжьэри фызитІри мэшыпкъэм къыхихуащ.

Фызитіыр щтауэ унэм иль-эдэжащ.

- Зы шу дрихьэлІати, мафІэр къыІуролъэлъ, - жари.

- Сыт и шыфэлІыфэ? - еупщІащ фызитІым.

- И шыфэлІыфэкІэ нартщ жыпІэнкъым, кІыздикІари зыщыщри Тхъэм ищІэнщ, - жиІащ фызхэм.

- Фыпежьи, къевгъэблагъэ, - жиІащ нарт тхьэмадэм.

Шум пежьэри, кьрагъэблэгъащ.

- УкъыздикламкІэ сыт ущиліыгъэ? - еупщІащ тхьэмадэр хьэщІэм.

- СыкъыздикламкІэ нэхъ гуащІэмащІэ искъым, - жиІащ хьэщІэм.

- Уэ нэхъ гуащІэмащІэ зыхэмыгыр гъунэгъу къытухэзхъуэрэ дызэрыухынущ, - жиІащ нарт тхьэмадэм.

Нарт тхьэмадэм и псалъэр пэж хъури, нартым я ужь адыгэр кьинащ. Аращ адыгэр нартым я лІэужьщ щыжьэр.

Гъатхэ хъуэхъу

Гъатхэр къэсмэ,
Уафэр къащхъуэу,
ЩІылъэр щхъуантІэу,
Джэдхэр къакъэу,
Къыуэр гъуалъхьэу,
Бабдзэм Іулъхьэ
щыхуащІым,
БакІуэ щІалэхэр
зэрыдэшу,
Зэрешажьэрэ,
Мэкъумэшщ1аПэхэм
эдэхьэу,
ФІэбзыр гъуазэу,
Бабдзэжьыр илъэфу,
Багъэбдзумэу
зэбгъураліхьэм
Уэсэпс махуэ
къытелъалъэу,
Уэшхым и лъагъуэу,
Бэвым и гъуэгуу,
Гъаваэу тщІаХэр
Жьэпкъыхъурэ щхьэ
пІащэу,
Щауэр игъэхыщІэу,
ВыщІэр игъэкІуэхъуу,
Дъэрыгъынэми икІуэсу,
Лъэсыр хуэдІэбейуэ,
Зэ Іуэгъуэгр гуибгъуу,
ТІэу Іуэгъуэгр гу
пщІейуэ,
Ди гуэн гъуэжьхэр
зэбгъурыту,
Бэрэ дыгъэунэ,
дыгъэжьэгу!

Зытхыжар
КЪАРДЭНГЪУЩІ
Зырамыкущ.

ЛІыжьымрэ къру лъашэмрэ

ЗЫ ЛІЫЖЬРЭ зы фызыжьрэ псэурт. Мэш хьэсэ яІэти: «Зэрыхъуан деплъынщ», - жари губгъуэм ихьащ. Къру лъашэ къэтІысауэ, хьэсэр нутэу, ирихьэлІащ лІыжьымрэ фызыжьымрэ. Кърур къаубыдащ.

- Ди хьэсэр щхьэ бутэрэ? УдукІынкъэ иджы! - хуэгуб жьащ къру лъашэм.

- Сымыкі, - жиІащ кърум. - СывутІыпщІажмэ, зы фалъэ фэстынщи, фыщыхуейм деж шхыни фади кьихъэунущ - «Кьихъуэ!» - зэрыжьифэ нэхъ пІалъэ къыхэкІынукъым.

Кърум фалъэ къаритри, лІыжьымрэ фызыжьымрэ я унэ ихьэжащ. Фалъэр Іэнэм трагъэувэри:

- Кьихъуэ! - жаІащ лІыжьымрэ фызыжьымрэ.

Фалъэм шхын кьихъуэри, яшхащ. Фадэ кьихъуэри, трафыхьыжащ.

- Дэ дышхакІэ зэфІэкІрэ: жьыэми дахуэупсэнщ, - жаІащ лІыжьымрэ фызыжьымрэ. Жьыэри игъэшхэн щІыкІуи нни кьыданакъым. Я гъунэгъу жьыэри игъэшхэн мурад ящІащ лІыжьымрэ фызыжьымрэ. Фалъэр кьиштэри, лІыжьыр гъуэгу ихьащ. Гъуэгум зы щІалэ къыщрихьэлІащ.

- Дэнэ укІуэрэ, тхьэмадэ? Сытым улъежьа? - кьеупщІащ щІалэр.

ЗдэкІуери щІежьари жриІащ щІалэм, фалъэм и гугъу хуищІащ.

- Кьихъуэ! - жиІэри лІыжьымрэ фалъэм тельэщыхьащ, щІалэ гъэзгрыкІуэри игъэшхащ, игъэтхащ.

- Іэгъу! Пэжи жьыпІэр, тхьэмадэ? - гуфІащ щІалэр. - Сэри сыныбдэкІэунщ, гъуэ сыпщІмэ. Жьыпэр зэрыбгъатхъэм сеплъынщ.

ЩІалэр гъуэ ищІащ лІыжьым. Іуэгу здытетым, щІалэр лІыжьым ебзэджэкІащ: езыми фалъэ ящІри, здежьам нэмыс щІыкІэ, лІыжьым шэджагъуэ нэмэз ищІыху, фальитІыр эбгъэхьащ.

Жьыпэм кІэри, лІыжьым гъуэ ягъэдащ:

- Фызгъэтхъэнущи, фыкІыпэхуэс! - жери. - Зы фалъэ сІыгъщи, «кьихъуэ!» - жысІэмэ, шхыни фади кьихъэунущ.

Щыхур кьыІэжуэсхуэ, щІалэм кІэбгъу зищІыжащ, къру лъашэм и фалъэр ихьри.

Жьыпэр кьыІэжуэса нэужь, «кьихъуэ!» жери лІыжьым фалъэм теІэбащ, арщхьэкІэ фалъэм кьихъуэлаКъым.

- ДыкъэбгъэпщІащ, - жари жьыпэр эбгрыкІыжащ, лІыжьым кьыщцдыхъэщхри.

И щхьэр къыкІэхуауэ, лІыжьыр я гъунэгъу къуажэм кьыдэкІыжащ.

- Къру лъашэм си напэр триХащ, - жиІащ лІыжьым, мэш хьэсэм кІуэри, къру лъашэр кьинубдащ. - ЗуукІынущ, щхьэ сыкъэбгъэпщІа? - ещхьэбгъэущ кърум.

- СумыукІ, - жиІащ къурм. - Данэрэ дыщэкІэ къэтэн шы пщІэгъуаліэкІэ сыпхуэупсэнщ. Зыш уэстынщи, «кьыззтэ!» щыжьыпІэм данэрэ дыщэкІэ кьыпхуэупсэнщ.

- Хьунщ, - жиІащ лІыжьым, шыр ІумпІэкІэ кьинщри и унэ ихьэжащ. «Данэ!- щыжьи Іэм, данэ кьритащ шым, «дыщэ!- щыжьи Іэм, дыщэ кьритащ; жьыпэм данэ джанэкІэ заригъэхуащ, дыщэкІэ зэщІиблащ.

- Ди гъунэгъу жьыэми сахуэупсэнщ, - жери лІыжьым ежьащ, шы пщІэгъуаліэм шэсри, Фалъэр Іэщ1ззыгъэкІа щІалэр гъуэгум кьышрихьэлІащ лІыжьым. Ари щуи, шы пщІэгъуаліэ тесщ.

- Данэ укІуэр, тхьэмадэ? - кьеупщІащ щІалэр, сэлам кьрихри.

- Зымахуэ сыздэщыІа жьыпэм, - жиІащ лІыжьым. - Мы пщІэгъуаліэри кьызнитащ къру лъашэм: ущыхуейм деж данэрэ дыщэкІэ кьютэнущ.

- Кърум укьигъапщІэм-щэ? Сэри сызэпшэрэ си нэкІэ сыбгъэтъагъуркъэ, - жиІащ щІалэм.

- НакІуэ, - жери щІалэр гъуэсэ ищІащ лІыжьым.

Щэджатъуэ нэмэз ищІын хуэйти, жьыпэм нэмыс щІыкІэ, псы Іуфэм щепсыкащ лІыжьыр.

ЛІыжьым нэмэз ищІыху, щІалэм шитІыр эбгъхьащ: «Іури пщІэгъуаліэт, зэщхьыркъабзэт.

Щэсыжри, я гъунэгу техьэжащ. Жьыпэм нэсри, гъуо игъэджащ лІыжьым:

- Мы шы пщІэгъуаліэр данэрэ дыщэкІэ кьывэтэнущи, фыкІыпэхэсэ: сызэрымыпщІыпсыр фи нэкІэ фІъагъунщ, - жери.

Жьыпэр кьиззэхуэсащ. ЛІыжьым сыт жиІами, пщІэгъуаліэм зиГъэкІыжьауэ - дагъэ щхьэ лъэмыжьым ирадзыкри, ягу зэгъэуэ кьагъэззэжащ. Кьыздагъэззэжам, Кьуийцыкіу и пщІантІэм шы дэгъуэ дэтщ, саур уанэ тельу.

- Шыри уанэри дэнэ кьипха? - я нэр кьихуащ зэшитІым.

- Сывубгрэжьри, псым сыхэвдзащ, ситхьэлэн фигуГа хьунщ. Ситхьэлакъым: псым сриІэжри, шыбзыхьуэ пщыІэ сриІэлІащ. «Ткъэм укьытхуиХащ!» - жари шы-уанэ зэтель кьызатщ, сыкьагъэхьэщІэри сыкърагъэжьжащ, - жиІащ Кьуийцыкіу.

- ИтІэ дэри кьэпым диддэ, дубгъэжьи, псым дыхэдзэ, - жаІащ зэшитІым.

И шынэхьжьжитІыр кьэпым иридзэщ, псым ихьри, иубгъэжьащ Кьуийцыкіу, лъэмыжьым иридзыхри, кьуажэм кьыдыхьэжащ. ЗэшитІыр псым ирихьэхри, ныджэм кьытридзэжащ: шыбзыхъуэ пщыІэ ирихьэлІакъым, щримыхьэлІэм, я пэр кьыпхуауэ кьагъэззэжащ.

- Ныуэр здэсей! - жери.

Фызыжьыр унащхьэм дридзеящ мэпыфэм, кьридзыхьжащ.

- Кърум сыкьыгъэпщІакъым, - жиІащ лІыжьым. - Си напэр щьиткІа жьыпэм фалъэмрэ пщІэгъуаліэмрэ сІэщІэзыгъэкІа щІалэ бзаджэмэ сахуриКъунщ иджы.

Мэпыфэ гъуэрыр здэхьжьэри, лІыжьыр ежьащ. Гъуэгу здытетым, щІалэ бзаджэр кьрихьэлІащ.

- Дэнэ укІуэрэ, тхьэмадэ? - кьеупщІащ щІалэр.

- СыздэкІэр пщІэркъэ: ауан сыкъэзыщІа жьыпэр бэлъхь хэздзэнущ. Эри аращ уэсщІэнур, - ж ери лІыжьым мэпыфэ гъурыр идзащ. Фэм щІалэр дридзеящ, кьридзыхащ. ЗдэхиКІэ щІыхъэм, щІалэ бзаджэр лІыжьым кьелъэІуащ:

- Мы фэм сумыгъэукІ, тхьэмадэ? махуэ: фалъэри шыри уэстыжьынщ.

Фалъэмрэ шы пщІэгъуаліэмрэ щІалэм кьыІэщІигъэкІыжри, лІыжьыр я гъунэгъу жьыпэм яхьхьащ.

- ЛІыжь щІыпупсыр укъытхуэжІуа иджыри? - жари лІыжьым кьыщІыхьэщІхьи я гугъащ жьыпэм, арщхьэкІэ мэпыфэ гъурыр щахидзэм, хэт унащхьэм, хэти бэхъхьщІхьэм дридзеящ.

- СызэрымыпщІыпсыр фи фІэщ хьуамэ, иджы сывэтэнщ, жиІащ лІыжьым, жьыпэр игъатхъэщ, данэрэ дыщэкІэ етэри, кьаХэкІыжащ.



Нартхэр. Панном щыщ Іыхьэ.
Сурэтыр **Гамгие Валерэ** *ищІащ. Сыхъум, 1987 гъэ*

КІулацу

ЗЫ ЛІЫЖЬРЭ зы фызыжьрэ псэурт, бын ямыІэу. ЛІыжьыр вакІуэ дэкІын хуей щыхьум, пхъэІэщэр гум ириІъхьэри жиІащ:

- Зы щІалэ сиІатэмэ, ващхьэм тезгъэсынтэкъэ!

ЛІыжьыр вакІуэ дэкІауэ, фызыжь цІыкІур лъхуэри, щІалэ цІыкІу кьиІъхуащ. ЩІалэ цІыкІум КІулацу фІащащ.

- Уи адэр вакІуэ дэкІащ, гъуэмыльэ хуэхь, - жиІащ фызыжь цІыкІум.

- Ар Іуэху! - жиІащ КІулацу, хуэржьныр и плІэм ириІъхьэри гъуэгу теуващ.

КІуэм-лъэурэ, гъуэгум шууищ щрихьэлІащ КІулацу.

- Дэнэ уежьа? - кьеупщІащ шухэр.

- Ди адэм гъуэмылэ хузохь, - жиІащ КІулацу.

- Уи адэр гъуэмылэ хуэныкъуэкъым, - жари шууищым гъуэмылэр фІащхащ.

- Фэ дэнэ фежьа? - еупщІащ шухэм КІулацу.

- ДыгъуакІуэ докІуэ, - кьыжраІащ.

- Сыздэфшэ! - жери защыкІэрищІэм, здашащ.

Щухэр здежьам нэсащ. Жэщ хъуауэ зы унэ екІуаІэри, КІуэ ацу и пщэ кьыдалъхьащ:

- Мыбы я Іуэм випІ итщ. Іуэм ихьи, зыв кьихуу.

Іуэм ихьэри, КІулацу кьэгуоуащ:

- Іуэм нисхунур вы кьуэлэн, вы джабэху, вы джэмыдэ, вы уэгуп?

- УмыкІий! ДыкъебгъэщІэнущ, Зыв кьихуи, кьикІ Іуэм! - жаІащ шухэм, кьэбжэм деж щытти.

КІулацу Іуэм зыв кьрихури, шууищыр гъуэгу техьэжащ. Мэзым щІыхьэри, выр яуКІащ, лэгъупыІэмпІэ зэфІадэзэри, лыр халъхьащ. Псыр кьыщытекъуалъэм, КІулацу, шухэм гу залъримыгъатэу, лэгъупым хэпкІащ.

- Си пэр ес! Си нэр ес! - кьыхэкІиикІащ КІулацу лэгъупым.

Кьэхъуар къагурыІуакъым шууищым: щтэри мэзым хэлъэдащ, шы Іуэхуи хэтыжакъым.

Лэгъупыр и дамэм фІидзэщ, зыш къэшэщ, шитІыр Іэ, зы ищІри, КІулацу екъэжащ.

КІуэм-лъэурэ, шыбзыхъуэ ирихьэлІащ.

- Шищыр дэнэ кьипха? - кьеупщІащ шыхэр.

- Псынащхьэм шыбз гуартэ кърахуІауэ ягуэш, кьыслъысыр кьыхэсхуащ, - жиІащ КІулацу.

- СыхэкІыжьырти! - жери шыхъуэр щежажьэм, шыр кьыдэзэІикъуэри, КІулацу екъэжащ.

КІуэм-лъэурэ, шыхъуэ ирихьэлІащ.

- Шыр дэнэ кьипхуэ? - кьеупщІащ шыхэр.

- Псынащхьэм шыбз гуартэ кърахуІауэ ягуэш, кьыслъысыр кьыхэсхуащ, - жиІащ КІулацу.

- СыхэкІыжьырти! - жери шыхъуэр екъэжащ.

Шыхъуэр щежажьэм, шыр кьыдэзэІикъуэри, КІулацу екъэжащ.

КІуэм-лъэурэ, танахъуэ ирихьэлІащ.

- Шыри выри дэнэ кьипхуэрэ? - кьеупщІащ танахъуэр.

- ПІсынащхьэм шырэ вырэ кьахуауэ ягуэш, кьыслъысыр кьыхэсхуащ, - жиІащ КІулацу.

- СыхэкІыжьырти! - жери танахъуэр екъэжащ.

Танахъуэр щежажьэм, шыпэр вымрэ танэ хьушэри кьыщІигъури, КІулацу екъэжащ, и адэм деж нэсри:

- Гъуэмылэ кьыпхуэсхьащ, ди ада! - жиІащ.

- Сэ кьуэ сиІэкьым, уэ дэнэ укъикІа? - кьепльащ и адэр.

- ВакІуэ укъыщыдэкІа махуэм сыкъалъхуащ, - жери КІулацу епсыхащ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар КЪЭРМОКЪУЭ Хэмидщ.

Сосрыкъуэ и тІасхъапІэр

СОСРЫКЪУЭ ящыІ мурад ящІащ нартхэ. Мурад ящІа щхьэкІэ, бэлэрыгъащ кьаІэрыкъэртэкъым, и тІасхъапІэр ящІэртэкъым. И тІасхъапІэр кьамыхутащ. Сосрыкъуэ пэлъэщІынутэкъым нартхэр.

Уэрсэрыкъ дежи кІуащ нартхэр:

- Сосрыкъуэрэ Тхъуэжьеижьрэ я тІасхъапІэр кьытхузохэту, - жари.

- Джатэкіи шабзэкіи фыпэлъэщынукъым Сосрыкъуэ, - кьажриІащ Уэрсэрыжьк. – Фыльъежьэкіэ, Тхъуэжьеи фыщІыхьэнукъым.

- АІтэ сыт тщІэнур?

- Жэщилл-махуибл дзвгъэкІи, фыкьакІэу, апщІондзку кьэсхутэнщ. Нартхэр кьыдигъэкІыжри, Уэрсэрыжьк аргъуейм еджащ.

- Ежьи, Сосрыкъуэрэ Тхъуэжьеижьрэ я тІасхъапІэр кьысхуэхутэ, - жриІащ аргъуейм.

Аргъуейр ежьэри, махуищкІэ кьэтауэ кьигъэззэжащ.

- Кьэпхута Сосрыкъуэрэ Тхъуэжьеижьрэ я тІасхъапІэр?

- Кьэсхутащ, - жиІащ аргъуейм. – Тхъуэжьеижь и шыкІэ налъэ кьыстехэурэ, си зы дамэр икьутащ. Си зы дамэр щикъутэм, жьым сыкъэшэсри, сыкъэкІуэжащ. Сосрыкъуэ и тІасхъапІэр и кэпкъыщхьэрщ, Тхъуэжьеижьрэ и тІасхъапІэр ыгъуэгу.

- Ар дауэ я кэпщІа?

- Жеиуэ сащрихьэлІэм, я щхьэм щызубЛэри, си пэ дыдыр хэсІуэрэ я щІыкІэр кьэсхутащ. Сосрыкъуэ кьыщІыскІар си пэ дыдыр и кэпкъыщхьэм хэсІуа нэужьщ. Тхъуэжьеижь щІылъэкъуэуар и лъэгум сыщынэсарщ.

Жэщибл-махуибл дзкуибл дагъэкІри, нартхэр Уэрсэрыжьк деж кІуащ.

- Псыжь адрыщІ шурылъэс фыщІыджэгу, - кьажриІащ Уэрсэрыжьк. - Шурылъэс кьывдзэжагумэ, фызэщидынурэ Сосрыкъуэ кьыфхэкІыжынущ. АпщІондзку Псыжь гъуаплъэ лъэмыж тефлъхьэ, лъэмыжыр вгъэпІа, мафІэ щІэфщи. Сосрыкъуэ кьыкфхэкІыжрэ лъэмыжьмэ кьытехьэмэ, Тхъуэжьеижь и лъэгур щІыжьыкІынущ - шым и лъэгур щІынщ. Сосрыкъуэ и кэупкъыщхьэри щІынэщи, фыпІэпъэщынкъэ?

Сосрыкъуэрэ Тхъуэжьеижьрэ я тІасхъапІэр кьыщащІэм, нартхэр Псыжь зэпрыкІащ: «Шурылъэс дыджэгунщ», - жари, Сосрыкъуи ираджащ.

Шурылъэсыр яублэри, Сосрыкъуэ нартхэр зэщъхьащидащ. АпщІондзку Псыжь гъуаплъэ лъэмыж тралъхьащ нартхэм, мафІэ щІащІэри ягъэпІащ.

Тхъуэжьеижь лъэмыжьм кьытехьакъым: псым кьыхэлъэри адрыщІым кьикІыжащ.

Шхийр сэбэп мэхъу

ПКІАУЭМРЭ хьумпІэцІэджьмрэ гъуэгу тІехьэ. Кіуэм-лъэм, кіуэм-лъэурэ, псы ина тІэкІу Іуащ.

- Сэ япэ селъэнщ, - жиІащ хьумпІэцІэджьм.

Хьумпіэцідджьр лъэри, псым хэхуащ. КьеІэщ-кьеІэри, кьыхэкІыжьыфакъым.

- Кіуэ, - жиІащ хьумпІэцІэджьм, - хьэсэм хьыхь, зы шхий кьжь.

ПкІаУэр хьэсэм хэпъащ:

- Хьэсэ, хьэсэ! Зы шхий кьызэт: хьумпІэцІэджьр псым хэжащ, кьыхэсхьыжынущ, - жери.

- Уэстынщ, - жиІащ хьэсэм, - тхьэрыкъуэм симыхьумэ.

ПкІаУэр тхьэрыкъуэм деж жащ:

- Хьэсэр умыхьэ, тхьэрыкъуэ. Хьэсэр умыхьэмэ, шхий кьызэтынущ.

- Схъункъым, - жиІащ тхьэрыкъуэм, - дум уелъэІуэрэ зы нартыкъу хьэдзэ кьыхсхуэпхьмэ.

Дум деж кІуащ пкІаУэр.

- Дуужь, зы нартыкъу хьэдзэ кьызэт: ар хуэсхьмэ, тхьэрыкъуэм хьэсэр ихьункъым, итІанэ хьэсэм зы шхий кьызэтынуРэ хьумпІэцІэджьр псым кьыхэсхьыжынущ.

- Уэстынщ, - жиІащ дум, - дзыгъуэм си лъапэр кьымытІыну схужеІэпмэ.

Дзыгъуэм деж кІуащ пкІаУэр:

- Дзыгъуэжь, дум и лъапэр умытІ: дум нартыкъу хьэдзэ кьызэтынуРэ, тхьэрыкъуэм хуэсхьмэ, нартыкъу хьэдзэ хуэсхьмэ, тхьэрыкъуэм хьэсэр ихьункъым, тхьэрыкъуэм ирихьэлІащ, кьыхэкІыжынущ.

- Дзыгъуэжь, дум и лъапэр умытІ: дум нартыкъу хьэдзэ кьызэтынуРэ, тхьэрыкъуэм хуэсхьмэ, нартыкъу хьэдзэ хуэсхьмэ, тхьэрыкъуэм хьэсэр ихьункъым, тхьэрыкъуэм ирихьэлІащ, кьыхэкІыжынущ.

- Хьунщ, - жиІащ дзыгъуэм, - джэдур кьызремыцІэ, джэдур кьызэмыщІэмэ, ду лъапэр кьэстІыжкъым.

Джэдум деж кІуащ пкІаУэр:

- Джэдуужь, дзыгъуэм уемыщІэ.

- Хьунщ, - жиІащ джэдум, - дзыгъуэм сещэнкъым, мыр кьыскъуэпщІэмэ: ди гъунэгъу ипщэм я шатащхьэр кьэзбгъэшхынщ, ди гъунэгъу ищхъэрэм я дарий щхьэнтэм сыщыбгъэжьинщ, ди пщІантІэм зы хьэ кьарэжь дэтыщи, дэпхунщ.

- Ар Іуэху! - жери пкІаУэм джэдур я гъунэгъу ипщэм я пщэфІапІэм ишащ, я гъунэгъу ищхъэрэм я дарий щхьэнтэм кьыщІэкъуэжащ, хьэ кьарэжьыр пщІантІэм дихуащ. Абы и ужькІэ джэдур дзыгъуэ ещІэжакъым, дзыгъуэм ду лъапэр итІыжакъым, дум нартыкъу хьэдзэ кьритащ пкІаУэм, нартыкъу хьэдзэр тхьэрыкъуэм хунхьащ, тхьэрыкъуэм хьэсэр ихьужакъым, хьэсэм шхий кьритри, пкІаУэм хьумпІэцІэджьр псым кьыхихьыжащ.

ЛІыжьымрэ къру лъашэмрэ

ЗЫ ЛІЫЖЬРЭ зы фызыжьрэ псэурт. Мэш хьэсэ яІэти: «Зэрыхъуан деплъынщ», - жари губгъуэм ихьащ. Къру лъашэ къэтІысауэ, хьэсэр нутэу, ирихьэлІащ лІыжьымрэ фызыжьымрэ. Кърур къаубыдащ.

- Ди хьэсэр щхьэ бутэрэ? УдукІынкъэ иджы! - хуэгуб жьащ къру лъашэм.

- СымыукІ, - жиІащ къурм. - СывутІыпщІажмэ, зы фалъэ фэстынщи, фыщыхуейм деж шхыни фади кьихъэунущ - «Кьихъуэ!» - зэрыжьифэ нэхъ пІалъэ кьыхэкІынукъым.

Къурм фалъэ къаритри, лІыжьымрэ фызыжьымрэ я унэ ихьэжащ. Фалъэр Іэнэм трагъэувэри:

- Кьихъуэ! - жаІащ лІыжьымрэ фызыжьымрэ.

Фалъэм шхын кьихъуэри, яшхащ. Фадэ кьихъуэри, трафыхьыжащ.

- Дэ дышхакІэ зэфІэкІрэ: жьыэми дахуэупсэнщ, - жаІащ лІыжьымрэ фызыжьымрэ. Жьыэри игъэшхэн щІыкІуи нни кьыданакъым. Я гъунэгъу жьыэри игъэшхэн мурад ящІащ лІыжьымрэ фызыжьымрэ. Фалъэр кьиштэри, лІыжьыр гъуэгу техьащ. Гъуэгум зы щІалэ кьыщрихьэлІащ.

- Дэнэ укІуэрэ, тхьэмадэ? Сытым улъежьа? - кьеупщІащ щІалэр.

ЗдэкІуери щІежьари жриІащ щІалэм, фалъэм и гугъу хуищІащ.

- Кьихъуэ! - жиІэри лІыжьымрэ фызыжьымрэ я унэ ихьэжащ. Фалъэр кьиштэри, лІыжьыр гъуэгу ихьащ. Гъуэгум зы щІалэ кьыщрихьэлІащ.

- Дэнэ укІуэрэ, тхьэмадэ? - кьеупщІащ щІалэр.

- СыздэкІэр пщІэркъэ: ауан сыкъэзыщІа жьыпэр бэлъхь хэздзэнущ. Эри аращ уэсщІэнур, - ж ери лІыжьым мэпыфэ гъурыр идзащ. Фэм щІалэр дридзеящ, кьридзыхащ. ЗдэхиКІэ щІыхъэм, щІалэ бзаджэр лІыжьым кьелъэІуащ:

- Мы фэм сумыгъэукІ, тхьэмадэ? махуэ: фалъэри шыри уэстыжьынщ.

Фалъэмрэ шы пщІэгъуаліэмрэ щІалэм кьыІэщІигъэкІыжри, лІыжьыр я гъунэгъу жьыпэм яхьхьащ.

- ЛІыжь щІыпупсыр укъытхуэжІуа иджыри? - жари лІыжьым кьыщІыхьэщІхьи я гугъащ жьыпэм, арщхьэкІэ мэпыфэ гъурыр щахидзэм, хэт унащхьэм, хэти бэхъхьщІхьэм дридзеящ.

- СызэрымыпщІыпсыр фи фІэщ хьуамэ, иджы сывэтэнщ, жиІащ лІыжьым, жьыпэр игъатхъэщ, данэрэ дыщэкІэ етэри, кьаХэкІыжащ.